

# Pi ak Fòs Septik ki Kraze

Release Date: Feb 7, 2023

Rezidan nan konte yo deziyen yo ki te pèdi aksè a dlo paske yon pi prive oswa yon sistèm septik te andomaje kòm rezulta siklòn lan oswa siklòn Nicole lan ka elijib pou asistans FEMA.

???????

## Konte ki afekte yo

**Ian:** Brevard, Charlotte, Collier, DeSoto, Flagler, Hardee, Hendry, Highlands, Hillsborough, Lake, Lee, Manatee, Monroe, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pinellas, Polk, Putnam, St. Johns, Sarasota, Seminole, ak Volusia

**Nicole:** Brevard, Flagler, Lake, Putnam, St. Johns, ak Volusia

## Ki asistans ki disponib?

Pou pi prive ak fòs septik yo, FEMA ka ranbouse w frè yon teknisyen pwofesyonèl ki diplome ki vizite lakay ou epi prepare yon devi ki detaye anrapò ak reparasyon ki nesesè oswa chanjman sistèm ou genyen ki kraze akòz katastwòf la.

Anplis estimasyon teknisyen an, FEMA ka peye tou pou reparasyon oswa ranplasman aktyèl sistèm septik ou a oswa pi prive w la, ki pa bagay ki asire w.

Si ou te mande asistans FEMA epi yo pa t fè yon enspeksyon lakay ou, ou ta dwe rele Liy Asistans FEMA a nan 800?621-3362. Nan moman enspeksyon w lan, fè enspektè FEMA a konnen ou gen yon pi prive ak/oswa yon fòs septik ki gendwa te kraze nan tanpèt la.

Si yo wè se siklòn lan oswa siklòn Nicole ki lakoz domaj la, ou ka kalifye pou asistans FEMA.



**FEMA**

Page 1 of 2

Si ou te deja fè yon enspeksyon epi ou pa t rapòte domaj ki genyen anrapò ak pi a oswa fòs septik la, kontakte Liy Asistans FEMA a pou aprann ki jan pou fè chanjman nan demann ou an, ak fason pou fè apèl pou asistans pou katastwòf. Tanpri kenbe deklarasyon kontraktè w la, estimasyon, oswa resi yo konsènan domaj dezas la te koze nan atik sa yo, epi voye yo ak lèt kontestasyon alekri a bay FEMA. Ou ka refere nan lèt desizyon FEMA ou te resevwa a tou, pou plis enfòmasyon.

Peryòd aplikasyon pou Siklòn lan fèmen kounye a, sepandan, peryòd aplikasyon pou Siklòn Nicole rete ouvè jiska 13 Fevriye 2023, epi sivivan yo ka aplike pou asistans FEMA sou Entènèt nan [disasterassistance.gov](https://disasterassistance.gov), lè w rele Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362 oswa lè I sèvi avèk [Aplikasyon mobil FEMA a](#). Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou relè video (VRS), telefòn ak soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a.



**FEMA**

Page 2 of 2